



## Fason pou Prezante yon Repons pou yon Plent nan Tribinal Siperyè Nyoudjèze- Divizyon Dwa - Pati Sivil

How to File an Answer to a Complaint in the Superior Court of New Jersey Law Division, Civil Part - Haitian Creole

### Kimoun Ki Gen dwa Itilize Blòk Done Sa a?

Ou gen dwa itilize blòk done sa a si w te resevwa yon papye pou prezante nan tribinal, yon plent, deklarasyon sou enfòmasyon ka sivil (Civil Case Information Statement - CIS), ak avi pou swiv plasman (track assignment notice, TAN) k ap fè w konnen lè yon moun rele w nan tribinal nan Divizyon Dwa Tribinal Siperyè New Jersey. Pou kapab evite lòt pati a genyen pwosè a kont ou otomatikman, ou fèt pou prezante yon repons a plent la ansanm avèk yon CIS ak frè apwopriye a nan yon delè de 35 jou apati dat ou resevwa konvokasyon pou prezante nan tribinal la. Repons ou ta dwe gen ladan nenpòt defans ou gen kont reklamasyon ki fèt nan plent la ak nenpòt dispit ou gen avèk done yo jan yo endike nan plent la. Si w pa soumèt repons ak CIS la anvan 35 jou, tribinal la kapab pwononse yon jijman pa kontinas kont ou, epi Cherif Konte a ka sezi lajan ou, salè ou oswa byen ou pou peye tout oswa pati nan jijman an.

**Remak:** Si w kwè ou gen yon reklamasyon kont moun ki prezante plent la epi si w vle kont-asiyel nan tribinal, ou dwe fè yon kont-reklamasyon ansanm avèk repons ou ak CIS la. Si w kwè ou gen yon reklamasyon kont yon lòt akize, ou dwe fè yon plent rekonvansyonèl ansanm avèk repons ou ak CIS la. Pou jwenn enfòmasyon sou pwosedi pou fè yon plent rekonvansyonèl oswa yon kont-reklamasyon, kontakte anplwaye ki nan divizyon sivil biwo grefye a.

Remak: Se Biwo Administratif Tribinal Nyoudjèze ki prepare dokiman sa yo pou moun kap reprezante tèt yo poukont yo itilize. Gen chanjman ki fèt nan gid yo, eksplikasyon yo ak fòm yo chak peryòd pou montre dènye lwa Nyoudjèze ak règ tribinal yo. Dènye vèsyon [fòm yo](#) ap disponib nan palè jistis konte a oswa nan sit Entènèt Sistèm Lajistis [njcourts.gov](http://njcourts.gov) Men, se oumenm ki finalman responsab pou sa ki nan papye tribinal ou.

**Ou dwe soumèt fòm ou ranpli yo nan konte kote w ap fè pwosè w. Yon lis sou Biwo Tribinal Siperyè (Superior Court Offices) disponib nan kontwa kliyan oswa nan sitwèb [njcourts.gov](http://njcourts.gov).**

Tout plent, petisyon ak lòt papye ki soumèt ba tribinal la fèt pou an angle.  
Complaints, motions and other papers submitted to the court should be in English.

## Bagay pou Reflechki Anvan ou Eseye Repezante tèt ou nan Tribinal

### Eseye Angaje Yon Avoka

Sistèm tribinal la kapab bay konfizyon epi se yon bon lide pou pran yon avoka si w kapab. Lalwa, prèw ki nesèsè pou prezante ka w, ak règ pwosedi ki anvigè pou pwosè yo nan Divizyon Dwa, Pati Sivil la, konplike. Paske ka gen gwo reklamasyon ki fèt oswa paske tribinal la gen dwa pwononse jijman ki gen gwo konsekans, pifò moun ki nan pwosè nan Divizyon Dwa, Pati Sivil, gen yon avoka. Si yon moun rele w nan tribinal, tanpri kontakte konpayi asirans ou pou wè si yo ta ka ba w yon avoka. Pi pwobab, advèsè w ap gen yon avoka kap reprezantel. Li rekòmande pou ou fè tout efò posib pou jwenn èd yon avoka. Si w pa gen mwayen pou angaje yon avoka, ou gen dwa kontakte pwogram sèvis legal ki nan konte kote w ap viv la pou wè Si w kalifye pou sèvis legal gratis. Ou gen dwa jwenn nimewo telefòn yo an liy anba “Legal Aid” (Èd Legal) oswa “[Legal Services](#)” (Sèvis Legal).

Si w pa kalifye pou sèvis legal gratis epi si w bezwen èd pou jwenn yon avoka, ou kapab kontakte asosyasyon bawo avoka ki nan konte kote w ap viv la. Pifò asosyasyon bawo avoka yo gen yon Sèvis Referans pou Avoka ([Lawyer Referral Service](#)). Sèvis Referans pou Avoka Bawo Konte a kapab ba w non avoka ki nan zòn ou ki dispoze pou pran tip ka w an patikilye epi pafwa ap ba w yon konsiltasyon a frè redui. Gen kèk òganizasyon avoka minoritè tou toupatou nan Nyoudjèze, ak òganizasyon avoka ki repezante moun nan kalite ka espesyalize yo. Mande anlwaye tribinal konte kote w ap viv la pou ba w yon lis sèvis referans pou avoka ki enkli òganizasyon sa yo ladan.

Si w deside kontinye san yon avoka, dokiman sa yo eksplike pwosesis ou dwe swiv pou soumèt papye ou yo kòrèkteman epitou pou tribinal la konsidere yo. Dokiman sa yo pa bay enfòmasyon sou lwa ki gouvènè reklamasyon ou oswa pou defans ou; enfòmasyon sou fason pou fè echanj tout prèw yo anvan pwosè a; enfòmasyon sou lòt kalite pwosedi pou rezoud dispit, tankou abitraj oswa medyasyon, ki ka disponib oswa ki ka egzijib nan ka a; enfòmasyon sou kalite prèw ou bezwen bay pou pwouve reklamasyon ou oswa defans ou nan pwosè a; oswa enfòmasyon sou lòt règ pwosedi ak règ pou bay prèw ki gouvènè pwosè sivil yo.

### Kisa Ou Ta Dwe Espere Si W Repezante Tèt Ou Poukont Ou

Menmsi w gen dwa pou repezante tèt ou poukont ou nan tribinal la, ou pa ta dwe espere tretman espesyal, èd oswa atansyon tribinal la. Sa ki anba la a se yon lis kèk bagay anlwaye tribinal la kapab epi pa kapab fè pou ou. Tanpri li lis la avèk anpil atansyon anvan ou mande anlwaye tribinal la pou ede ou.

- Nou *kapab* ba w eksplikasyon epi reponn kesyon ou yo sou fason tribinal la fonksyone.
- Nou *kapab* di w ki sa tribinal la egzije pou li konsidere dosye ou.
- Nou *kapab* ba w kèk enfòmasyon ki nan dosye ou.
- Nou *kapab* ba w kèk modèl fòm tribinal la ki disponib.
- Nou *kapab* gide w nan ranpli fòm yo.

- Nou *kapab* reponn kesyon ou yo anjeneral konsènan dat limit yo nan tribinal la.
- Nou *pa kapab* ba w konsèy legal. Se avoka w sèlman ki kapab ba w konsèy legal.
- Nou *pa kapab* di w si w ta dwe ou pa, prezante yon ka nan tribinal.
- Nou *pa kapab* ba w yon pwendvi sou sa k ap pase si w prezante dosye ou nan tribinal.
- Nou *pa kapab* rekòmande yon avoka, men nou kapab ba w nimewo telefòn yon sèvis referans avoka zòn nan.
- Nou *pa kapab* pale avèk jij la sou sa k ap pase nan ka w.
- Nou *pa kapab* kite ou pale avèk jij la deyò tribinal la.
- Nou *pa kapab* chanje yon lòd jij la bay.

### **Kenbe Kopi Tout Papyè Yo**

Fè kopi tout fòm ou ranpli ak tout dokiman ki asosye avèk ka w, epi kenbe kopi yo

## Rezime

Yon pwosè sivil kòmanse avèk prezantasyon yon plent ki fèt ak soumisyon dokiman ki bay enfòmasyon sou ka sivil (CIS) ansanm avèk peman frè depo apwopriye a. Nan 10 jou ki vini apre plent la fin prezante, moun ki prezante plent la ap resevwa yon Avi pou Swiv Plasman Ka Sivil nan Gwoup. Yo deziye yon ka ba youn nan kat (4) gwoup selon kalite ka ak kantite tan li pran pou soumèt ak fè echanj tout pyès prèv yo anvan pwosè a. Tout moun ki enplike nan ka a fèt pou resevwa plent la, CIS la ak TAN ansanm avèk papyè pou prezante nan tribinal la. Akize a (yo) dwe bay yon repons a plent la ansanm avèk frè apwopriye pou ka a nan 35 jou apre li resevwa plent la.

Apre akize a (yo) resevwa plent la epi bay yon repons, peryòd soumisyon pyès anvan pwosè ap kòmanse. Kantite tan pou peryòd soumisyon pyès anvan pwosè a depannde nan ki gwoup yo mete ka a. Pandan peryòd soumisyon pyès anvan pwosè, moun ki enplike nan ka a fè echanj enfòmasyon konsènan ka a. Nenpòt kilè pandan ka a, nenpòt nan pati ki fè pati ka a kab prezante yon petisyon ba tribinal la pou mande sèten asistans.

Anvan pwosè a, tribinal la ka voye ka a nan medyasyon (yon reyinyon kote yon twazyèm moun ki pa enplike nan ka a ap fasilite diskisyon ant moun ki enplike nan ka a pou rezoud dezakò yo) ak/oswa nan abitraj (yon odyans kote moun ki enplike nan ka a prezante pwendvi yo ba yon twazyèm moun ki pa enplike nan ka a epi ki fè yon rekòmandasyon pou rezoud ka a. Moun yo ki enplike nan ka a ka aksepte oswa rejte rekòmandasyon an). Si medyasyon an ak/oswa abitraj la pa gen siksè, ka ap pwograme pou ale nan pwosè.

Pwosè a ka fèt devan jij la sèlman oswa devan yon jij ak yon jiri. Nan pwosè a, toulède moun ki enplike nan ka a ap prezante prèv ki sipòte pwendvi yo. Jijman final la ap gen desizyon jij la ak/oswa jiri a ladan. Si yon moun ki enplike nan ka a vle fè apèl kont desizyon final la, li dwe depoze yon avi apèl nan Divizyon Apèl la nan 45 jou ki vini apre tribinal la te bay jijman final la.

## Definisyon kèk mo yo itilize nan blòk done sa a

**Defans Afimatif** (Affirmative Defense) - Yon *defans afimatif* se sa yon akize ofri kòm yon rezon ki fè tribinal la pa ta dwe emèt yon jijman kont li. Kèk nan egzanp defans afimatif se fwod, neglijanans pataje, ekspirasyon dèlè preskripsyon.

**Repons** (Answer) - Yon *repons* se dokiman akize a soumèt nan tribinal la. Dokiman sa a gen ladan repons pou chak deklarasyon moun ki fè plent la fè ak rezon oswa sikonstans ki fè akize a responsab oswa pa responsab pou nenpòt domaj moun ki fè plent la reklame.

**Lejann** (Caption) - Yon *lejann* se non ka a; li bay lis non moun nan (yo) ki prezante plent la ak akize a (yo). Pa egzanp, John Jones, Moun ki Fè Plent la kont Mary Smith, Akize a.

**Baz pou Aksyon Sivil** (Cause of Action) - gen pou wè ak tout done ki sèvi de baz pou prezante yon pwosè oswa yon reklamasyon.

**Otantifikasyon** (Certification) - Yon *otantifikasyon* se yon deklarasyon ki endike sèten zak vrè dapre tout sa moun ki fè deklarasyon an konnen. Li tankou yon deklarasyon alekri sou sèman, men moun ki fè kalite deklarasyon sa a fè sèman devan yon notè oswa devan lòt moun ki otorize.

**Otantifikasyon pou Okenn Lòt Aksyon** (Certification of No Other Actions) - Yon *otantifikasyon* pou okenn lòt aksyon se yon deklarasyon alekri sou sèman ki parèt alafen repons ou bay kote ou deklare, dapre tout sa ou konnen, aksyon pou ki w prezante plent la pa enplike nan okenn lòt ka tribinal oswa abitraj, pa gen lòt moun yo bezwen mete nan aksyon sa a, epi w rekonèt obligasyon pou fè tout moun ki enplike nan ka a ak tribinal la konnen si gen nenpòt chanjman.

**Deklarasyon sou Enfòmasyon Ka Sivil (CIS)** (Civil Case Information Statement - CIS) - se yon fòm ki rezime ka w pou tribinal la. Règ tribinal la egzije pou chak pati nan ka a soumèt yon **CIS**. Ou kapab jwenn vèsyon CIS pou moun ki san reprezantasyon avoka nan [Self-Help Center](#) (Sant Resous Èd pèsònèl la).

**Ko-akize** (Co-defendant) - Yon *ko-akize* se yon lòt akize ki asiye pa moun ki prezante plent la.

**Plent** (Complaint) - Yon *plent* se yon dokiman moun ki fè plent la itilize pou fè tribinal la konnen tout done ka a epi poul deklare ki dedomajman l ap chèche jwenn.

**Kont Reklamasyon** (Counterclaim) - Yon *kont-reklamasyon* se yon plent akize a fè kont moun ki fè plent la.

**Plent rekonvansyonèl** (Cross-claim) - Yon *plent rekonvansyonèl* se yon plent yon akize gen kont yon ko-akize.

**Akize** (Defendant) - *Akize* a se moun ou asiye a.

**Soumisyon pyès anvan pwosè** (Discovery) - *Soumisyon pyès anvan pwosè* se pwosesis anvan pwosè kote chak moun ki enplike nan ka a aprann prèv ki pral prezante ak sipòte pwendvi pati opozan a.

## Definisyon kèk mo yo itilize nan blòk done sa a (kontinye)

**Nimewo Rejis** (Docket Number) - Yon nimewo rejis se yon nimewo tribinal la asiyen ka w pou li kapab idantifye ak jwenn san pwoblèm. Depi w gen yon nimewo rejis, ou dwe mete li nan tout kominikasyon ou avèk tribinal la.

**Soumèt/Prezante yon ka** (File) - *Soumèt/prezante ka nan tribinal* vle di w bay fòm apwopriye yo ak frè pou peye a ba tribinal la pou tribinal la kòmanse travay sou ka w a.

**Jiri** (Jury) - Anjeneral, yon *jiri* nan yon ka sivil nòmalmman se yon gwoup sis (6) moun ke yo chwazi dapre lalwa ki prete sèman pou ranseye yo ak deside tout done ki an dispit nan pwosè a.

**Demann** (Motion) - Yon *demann* se yon aplikasyon ou fè nan tribinal la pou tribinal la bay yon lòd oswa pran yon desizyon espesifik anfavè moun ki fè demann lan.

**Pati** (Party) - Yon *pati* se nenpòt moun ki prezante plent oswa akize ki enplike nan yon ka. Ou dwe voye yon kopi tout dokiman ou voye ba tribinal la ba chak pati (moun ki enplike nan ka a).

**Pleyan** (Plaintiff) - *Pleyan* se moun ki fè premye plent la nan yon pwosè.

**Prèv Ekspedisyon** (Proof of Mailing) - *Prèv ekspedisyon* se fòm kote ou bay dat ak metòd ou te itilize pou bay lòt moun ki enplike nan ka a kopi papye ou te soumèt nan tribinal la.

**Pro Se** - *Pro se* se yon tèm laten ki vle di “yon moun defann tèt li poukont li.” Yon moun ki prezante plent oswa yon akize nan yon pwosè ki pa gen yon avoka vle di moun nan vini nan tribinal *pro se*.

**Sèvis** (Service) - *Sèvis* vle di livrezon plent la oswa nenpòt lòt papye nan yon pwosè ba akize a ak ba kòt moun ki konsènan nan pwosè a. Sèvis legal fòmèl egzije pou se yon moun ki gen otorizasyon ofisyèl oswa lapòs ki dwe fè sèvis la.

**Ekip** (Team) - Yon  *ekip*  fòm avèk anplwaye palè lajistis, ki responsab pou travay sou ka w. Chak ekip gen yon chèf ekip alatèt yo, pote rapò bay Manadjè Divizyonèl Dwa Sivil la.

**Gwoup** (Track) - Pwosè nan Divizyon Dwa Sivil ki afekte nan youn nan kat (4)  *gwoup*  yo. Nòmalmman gwoup la ki asiyen ba yon ka depann sou kalite ka a, ak kantite tan li ta dwe pran pou fè soumisyon pyès yo. Sou lòt bò CIS la gen yon lis gwoup ak plizyè kalite ka ki endike nan yo chak.

**Avi pou swiv plasman (TAN)** (Track Assignment Notice - TAN) - *Avi pou Swiv Plasman (TAN)* se yon dokiman tribinal la prepare pou fè w konnen ki jij ak ekip k ap travay sou ka w. Li ba w nimewo telefòn ou ta dwe rele kèlkeswa lè ou bezwen kontakte tribinal la konsènan ka w. Moun ki fè plent la gen obligasyon pou voye yon kopi TAN ba tout moun ki rele nan tribinal la.

**Lokal** (Venue) - *Kote pwosè a ap fèt* vle di konte kote tribinal ki gen jiridiksyon an ap tande ka w a ye.

Pazaswiv nimewote ki endike anba la a di w ki fòm w ap bezwen ranpli ak sa pou fè avèk yo. Ou ta dwe tape chak fòm oswa ou ta dwe ekri aklè sou yo an lèt detache sou papyè blan 8 ½ “x 11” sèlman. Ou pa ka ranpli fòm yo sou yon papyè ki gen diferan dimansyon oswa yon diferan koulè.

## **Pazaswiv pou Soumèt Yon Repons**

### **PA 1: Ranpli fòm *Repons la (Answer) (Fòm A)*.**

Avèk tèm ki kout ak senp, *repons la (Answer)* ap di tribinal la a Si w admèt oswa nye deklarasyon pleyan a prezante nan plent la, epi li etabli chak posib defans ou ta ka gen kont reklamasyon pleyan a.

Ou dwe bay repons pou chak paragaf nimewote ki nan plent la, epitou ou dwe swa admèt akizasyon an, nye akizasyon an, oswa deklare ou pa gen ase enfòmasyon pou konnen si deklarasyon an vrè.

Nan seksyon Defans Afimatif yo, ou kapab enimerè done ki swa defann aksyon ou oubyen inaksyon ou. Ou ka endike tout kantite defans apa w gen, epi w ka bay nenpòt rezon ou genyen de poukisa plenyen pa fèt pou resevwa dedomajman lap mande a. Pa egzanp:

- Plenyen a te neglijan (eksplike kijan).
- Oumenm, akize a, te satisfè obligasyon ou (eksplike).
- Siyen epi mete dat nan rès deklarasyon yo sou kontinyasyon *Fòm A*. **PA** siyen demann pou yon pwosè avèk jiri sof Si w vle pou yon jiri tandè ka w.

### **PA 2: Ranpli *Dokiman ki Bay Enfòmasyon sou Ka Sivil la (Civil Case Information Statement - CIS)*.**

Ou kapab jwenn fòm [CIS ak tout enstwiksyon](#) yo nan [Self-Help Center](#) (Sant Resous Èd pèsonèl la). Ou dwe soumèt *CIS* ou ranpli a ansanm avèk repons la. Si w pa soumèt dokiman ki obligatwa a sa ka lakòz tribinal la retounen repons ou ba w.

**PA 3: Fè yon chèk oswa yon chèk postal (moni odè) sou non *Treasurer, State of New Jersey*.** Frè pou soumèt yon repons se \$175 dola. Fè yon chèk sou non *Treasurer, State of New Jersey*.

### **PA 4: Tcheke fòm ou ranpli yo epi fè kopi.**

Tcheke fòm ou yo pou asire ou ranpli yo epi pou asire ou siyen yo nan kote ki apwopriye. Fè omwen sis (6) kopi fòm ou ranpli yo.

Si *Repons la (Fòm A)* oswa nenpòt kopi papyè ou tache nan Repons la gen yon nimewo Sekirite Sosyal, yon nimewo lisans chofè, yon nimewo plak machin, yon nimewo kontra asirans, yon nimewo kont finansye ki aktif, ak nimewo kat kredi aktif, oswa enfòmasyon sou stati militè endividi a ou fèt pou retire (bife) enfòmasyon sa yo pou moun pa kapab wè yo, sof si idantifikatè pèsonèl konsa obligatwa pou mete dapre lalwa, règ, lòd administratif oswa lòd tribinal. Si yon kont finansye ki valab se sijè ka w epi w pa kapab idantifye li, ou ka itilize kat dènnye chif kont lan pou idantifye li.



**REMAK: Pa retire (pase trè nwa) enfòmasyon sa yo nan papye orijinal w ap kenbe yo (tankou yon rapò lapolis bay pou aksidan) paske ou ka gen pou montre yo ba tribinal la nenpòt lè.**

**Checklist/Lis tout sa pou fè** - Nan pa 5 ak 6, w ap jwenn enstriksyon pou voye dokiman ou yo pa lapòs ba tribinal la ak ba lòt moun ki enplike nan ka a. Lis tout sa pou fè ki endike anba la a ap ede ou asire blòk dokiman ou konplè:

\_\_\_\_\_ Orijinal ak de (2) kopi *Repons la (Answer)* ak *CIS* la

\_\_\_\_\_ Kantite lajan frè pou soumèt dokiman yo se \$175 dola. Frè a dwe se yon chèk postal (moni odè) oswa yon chèk ki fèt sou non *Treasurer, State of New Jersey* oubyen si wap depoze plent la nan Sistèm Elektwonik Dokiman Jidisyè a (JEDS) ou gendwa sèvi ak yon kat kredi.

\_\_\_\_\_ Yon anvlòp tenbre ki gen adrès kote pou voye li retounen

\_\_\_\_\_ Yon kopi *CIS* la ak *Repons la (Answer)* pou voye ba chak moun ki enplike nan ka a; oswa si moun ki enplike nan ka a gen yon avoka, ou dwe voye yo ba avoka k ap demann moun ki enplike nan ka a.

**PA 5: Voye fòm yo nan tribinal la pa lapòs oswa pote yo poukont ou.**

Ou gendwa depoze tout papye w yo nan Sistèm Elektwonik Dokiman Jidisyè a (JEDS), pa lapòs oswa an pèsòn nan tribinal la. Adrès tribinal la disponib sou sitwèb Sistèm Lajistis la, [njcourts.gov](http://njcourts.gov). Si w voye papye yo pa lapòs, nou rekòmande ou pou itilize kourye sètifye, avèk demann pou pote resi tounen ba w.

Voye orijinal *Repons la* ak *CIS* la ak **2** kopi ladan yo ba tribinal la oswa pote yo poukont ou.

**PA 6: Voye *CIS* la ak *Repons la* ba tout moun ki enplike nan ka a.**

Sou 35 jou apati de dat ou te resevwa konvokasyon pou prezante nan tribinal la ak plent la, ou dwe voye yon kopi repons ou ak *CIS* la ba chak moun ki enplike nan ka a oswa, si moun ki enplike nan ka a gen yon avoka, ou dwe voye yo ba avoka moun ki enplike nan ka a. Ou ta dwe itilize kourye sètifye lapòs, avèk demann pou pote resi tounen ba w epi w ta dwe kenbe kat vèt la lè yo pote li retounen ba w kòm prèv sèvis la.

Sistèm Jidisyè ap fè aranjman rezonab pou pèmèt nenpòt moun andikape jwenn aksè ak patisipe nan tout evenman jidisyè yo. Tanpri kontakte Kowòdinatè ADA a pou mande yon aranjman espesyal. Enfòmasyon sou kontak la disponib nan [njcourts.gov](http://njcourts.gov).

Sistèm Jidisyè Nyoudjèze a founi sèvis entèprèt. Si w bezwen entèprèt, notifiye tribinal la le pli vit posib. Enfòmasyon sou kontak la disponib nan [njcourts.gov](http://njcourts.gov).



**Form A**

**Plaintiff or Filing Attorney Information:**

Name \_\_\_\_\_

NJ Attorney ID Number \_\_\_\_\_

Address \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

Email Address \_\_\_\_\_

Telephone Number \_\_\_\_\_

Superior Court of New Jersey  
Law Division

\_\_\_\_\_ County

Docket Number \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_,  
Plaintiff,

v.

Civil Action

\_\_\_\_\_,  
Defendant(s).

**Answer**

The defendant, \_\_\_\_\_, answers the plaintiff's claim as follows:  
(State whether you agree or disagree with each paragraph of the plaintiff's complaint. If additional room is needed, attach a separate sheet.)

1. \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
2. \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
3. \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
4. \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
5. \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

**WHEREFORE**, the defendant demands judgment dismissing the complaint with costs.

**Form A**

**Affirmative Defense(s)**

(State the reasons why you disagree with plaintiff’s complaint or why what you did or did not do is not a matter for court. If additional room is needed, attached a separate sheet.)

- 1. \_\_\_\_\_  
 \_\_\_\_\_  
 \_\_\_\_\_
- 2. \_\_\_\_\_  
 \_\_\_\_\_  
 \_\_\_\_\_
- 3. \_\_\_\_\_  
 \_\_\_\_\_  
 \_\_\_\_\_

**Certification of No Other Actions**

I certify that this dispute is not the subject of any other action pending in any other court or a pending arbitration proceeding to the best of my knowledge and belief. Also, to the best of my knowledge and belief, no other action or arbitration proceeding is contemplated. Further, other than the parties set forth in this complaint, I know of no other parties that should be made a part of this lawsuit. In addition, I recognize my continuing obligation to file and serve on all parties and the court an amended certification if there is a change in the facts stated in this original certification.

\_\_\_\_\_  
Dated

\_\_\_\_\_  
Signature

**Certification Regarding Filing and Service**

The undersigned hereby certifies that a copy of this pleading was served and filed within the time permitted by the court rules.

\_\_\_\_\_  
Dated

\_\_\_\_\_  
Signature

**OPTIONAL: If you would like to have a judge decide your case, do not include the following paragraph in your complaint. If you would prefer to have a jury to decide your case, please sign your name after the following paragraph.**

**Demand for Trial by Jury**

TAKE NOTICE that the defendant demands a trial by jury on all issues.

\_\_\_\_\_  
Dated

\_\_\_\_\_  
Signature